18+

Вахит Хаджимурадов

# *Хьалимин Йага — Шимин Чора*

НОХЧИЙН А, ОЬРСИЙН А МАТТАХЬ АНАЛИТИКАН, ПУБЛИЦИСТИКАН БЕЛХАШ
(АНАЛИТИКО-ПУБЛИЦИСТИЧЕСКИЕ СТАТЬИ НА РУССКОМ И ЧЕЧЕНСКОМ ЯЗЫКАХ)

**Вахит Хаджимурадов**

# Хьалимин Йага – Шимин Чора. Нохчийн а, оьрсийн а маттахь аналитикан, публицистикан белхаш (аналитико-публицистические статьи на русском и чеченском языках)

*http://www.litres.ru/pages/biblio_book/?art=68973558*
*ISBN 9785005974969*

## Аннотация

Некоторые произведения данного сборника публиковались отдельными изданиями. В данной публикации читателю предлагается ряд публицистических, аналитическо-критических статей по произведениям современных чеченских писателей и ряд авторских аналитических работ.Х1окху аналитикан а, публицистикан а белхашна т1ехь гойту нохчийн х1инцалера яздархойн произведенеш, иштта авторан а цхьацца публицистикан статьяш.

# Содержание

ЛИТЕРАТУРНЫЕ КРИТИЧЕСКИЕ СТАТЬИ 5
Конец ознакомительного фрагмента. 37

# Хьалимин Йага – Шимин Чора
# Нохчийн а, оьрсийн а маттахь аналитикан, публицистикан белхаш (аналитико-публицистические статьи на русском и чеченском языках)
# Вахит Хаджимурадов

© Вахит Хаджимурадов, 2023
ISBN 978-5-0059-7496-9
Создано в интеллектуальной издательской системе Ridero

# ЛИТЕРАТУРНЫЕ КРИТИЧЕСКИЕ СТАТЬИ ПО ПРОИЗВЕДЕНИЯМ ЧЕЧЕНСКИХ ПИСАТЕЛЕЙ

**Аналитикан статья. «Шимин Чора а, Хьалиман Йага а.»**

(Аналитическая статья по некоторым рассказам Бурчаева Халима из цикла рассказов о главном герое Йаге на чеченском языке: «Чора Шимы и Йага Халима»)

Исбаьхьаллин произведенин мехалла хаа лаахь, вай иза юсту халкъан барта кхоллар採ллица. Произведени лаккхарчу т1егане кхачар ду барта кхоллараллина улло г1ортар, цунах тарьялар, и санна лийрйоцург хилла д1ах1оттар. Лийрйоцург хиллачу произведенех классика олу. Масала, классикин произведенеш ю ала мегар ду халкъан забаре дийцарех. Таханлерчу дийнахь халкъо кхоьллинчу классикан персонажашца буста бог1уш, цаьрца цхьаьна лаккхарчу т1ег1анахь лаьтташ бу, масала, Хамидовн 1-Хь. Бож-1ела, Сутарби, Майма и д1. кх.

Яздархойх, цхьаверг, алссамо къахьоьгуш кхочу оцу шен лаккхарчу т1егане. Шолг1ачун аьтто хуьлу иштта Чора, Молнесарт санна, царех мелла а тера прототип лула-кулахь 1аш-

вехаш хиларна васт кхолла. Иштта прототип карийча, иза боккха аьтто а бу. Х1унда аьлча, тоъал шен колорит йолуш велахь, и прототип иштта а хуьлу нахан багавахна а, вевзаш, везаш а, цунах лаьцна барта дуьйцуш а. Яздархо, и бакъ яздархо велахь, 1енлур вац, мел ч1ог1а дуьхьала тийсавелча а, ишттачу прототипах шен персонаж ца кхоьллича а, кехата т1е ца ваьккхича а. Кхин д1адерг яздархочун пох1мах доьзна ду.

Иштта аьтто баьллачух тера ду, шен статьяшца, очеркашца вевзаш волчу Бурчаев Хьалиман. Исбаьхьаллин произведенеш, нохчийн а, дуьненаюкъара а яздархойн кхолларалла теллина ца 1аш, Хьаьлиман дика, чомехь байташ гочьян а аьтто болу. Амма тахана вай мелла хьаян хьовсур ду цуьнан к1орггера пох1ма гучудаьлла кхин а цхьа аг1о, и ю Хьаьлиман проза.

Аса лакхахь ма-аллара, Хьалимна карийна шен Чора, шен Молнесарт. Иза ву цуьнан дийцарийн коьрта турпалхо Йага. Ца хаьа, нийса муха аьлча хир ду, Йагина Хьаьлим карийна аьлча а хир дац харц. Иштта пох1ма долчу яздархочунна каравахан а дац-кхий прототипна а атта.

Муха делахь а, цу шиннан аьтто хилла вовшех кхета. Вайн гур ду Хьаьлиман: «Хала хьеший», «Йагин «кхалхар», «Зударийн саьхьарло», «Талорхой», кхин а зорбане девлла а, довлаза а дийцарийн цикл евзича. Уггаре хьалха Хьаьлиман дийцаршкахь къаьсттина тидам т1ебохуьйтург иза к1орггера нохчийн мотт хууш хилар ду. Ала деза, Хьаьлим универ-

ситетан студент волуш дуйна нохчийн мотт ц1ена бийцарца, аса тидам бина ву. Лаьмнашца 1аш болчу кегирхоша оцу хенахь а буьйцура г1олехь ненан мотт. Ткъа х1инца Хьаьлиман кхоллараллехь нохчийн мотт тоьллачех цхьаъ бу.

Цуьнан дийцаршкахь юкъара кхин цхьаъ а ду. Цо ч1ог1а говза пайдаоьцу нохчийн халкъан барта кхоллараллах. Масала, Хьаьлиман «Зударийн сахьарло» дийцарехь цо пайда эцна зударех лаьцна нохчийн ширчу забаре дийцарех «Зудчо саьрмик къарбар», «Хи чу кхоьссина зуда майрчо хица хьала лехар». Амма авторо уьш а, кхиерш а (забарш, бегаш, аларш) шен дийцаршна юккъе тегна тай сел дуткъа хиларна, вай боккъал а теша шадоллучун автор Хьалим хиларх. Ишт-та говза нохчийн халкъан барта кхоллаpалах пайдаэца хаа а оьшу йоккха майралла. Х1унда аьлча, хьан произведени барта кхоллараллица цхьана т1ег1анахь лаьтташ яцахь хьайн пох1мех хьо тешна вацахь, и санна долу зеделларг юьхьк1абоцуш дерза кхерам болуш ду. Амма Хьаьлимин Йага а ву озийна оцу барт кхоллараллера схьаваьккхича санна, авторо шен хьекъалца цуьнан васт кхоьллинехь а.

Композицин кхин а цхьа киртиг ю Хьаьлимин массо а дийцарийн вовшашца уьйр кхуллуш. Рог1ера дийцар чекхдолуш Йагин Бийтар-эвлахь а, гуонаха а ца хууш ца дуьсу х1окхуьнан рог1ера «хьуьнар». И рог1ера Йагин хилам цуьнан юьртахоша а, ешархошна а, дан, лелон нийсадоцург, нийсадерг гойтуш, къастош, масала хуьлий д1а а х1утту. Оьрсийн туьйранахь кхаа вешех жимахверг санна, хьекъал к1е-

зиг ду моьттуш хилла Йага массарел а хьекъале кара а во дуккхахьолахь, чаккхенгахь. Баснехь санна, жам1 деш чекхдолуш а нисло Хьаьлимин дийцарш шадерш бохург санна.

Йагас шен мискачу ц1оканна та1зар деш гойту адамашна шайн кхачамбацарш. Юьхьанца, кхин башха ондачу дег1аца а, ницкъаца а къаьсташ воцу Йага, наха деш дерриг дан г1ерта пекъар Йага, дикка собар а, оьздангалла а гойтуш чекхволу дукхахьолахь. Аьлча а, къонахчун амалш а гойтуш. Масала, «Хала хьеший» дийцарехь Йагас Деле вехна нисвелла кхоъ хьаша маликийн амалш х1окху дуьненчохь юй хаа хьекъал тоьуш а бац. Нохчийн г1иллакххехь хьаша т1еиэцаран шен аг1онаш ю, ч1ог1а ларо езаш: хьешана, г1олехьа кхача х1оттор, г1олехьа вижа-сада1а меттиг хилийтар, иза ларвар и д1. кх. Амма хьешан оьздангалла а ю кхин к1езга декхарш техь доцуш. Ткъа Йагина нисбелларш хьеший бац, уьш адамийн юкъметтигийн сакхташ, цамгарш ю. Шен говре ша х1аллакъяйтина Йагин йол-м Мохьадис шина кепекан мах а ца хетта. Иштта гойту Мохьадина хьешан оьздаллин декхарш шена хийра хилар. Шозлаг1а, Йага волчу кхаьчна хьаша Бух1ади, юьхьанца хьа. ча, дийцаран бакъахьа турпалхо ву. Ч1ог1а г1иллакхе, оьзда къамелаш деш, Гилас оьздадоцург дийцича а, собарца сатухуш гойту цо ша. Ламаз дар а ду цуьнгахь вайн ойла т1еерзош, цунах бакъахьара стаг веш. Амма дикка цуьнан суьрте хьаьжча вайна тусало Бух1ади оцу шен ламаз дарх «байракх» а йина лелаш хилар, ша дика стаг хоьтуьйтуш, вай говза 1ехош хоьтуьйту цо чаккхе-

нехь. Коьртаниг, хьешан декхарш кхочушдеш цо лело кеп еккъа ц1ена кеп а хуьлий юьсу.

Кхозлаг1а хьаша, Гила, иза-м х1инцлера ун ду, цамгар хилла а ца 1аш. Цхьа меттиг бу дийцарехь Гила, цхьана геннарчу хенахь, мелла а делахь а г1иллакхах, оьздангалах хьакхалуш хиларан. Ша дика мелла а волуш, киснахь доллуш къаьркъанан шиша а долуш Йага волчу хьошалг1а кхаьчначу Гилас, и шен киснара къаьркъан шиша «чохь берашна ца гайта», олий пурхахь хьулдо. Амма и х1усамехь а, къаьсттина оцу х1усаман хьешашца а, оьзданиг к1езиг дуьйцу цо, ша бен кхин стагга а кху чохь воцуш санна. Вехна стаг, молуш волу стаг – иэхь а, оцу иэхьаца шен са а дайъина стаг ма ву. Ша схьаваре терра, бодано д1акхаьллича санна, къайла а волу иза, 1уьйрана х1усамден 1одика яр а доцуш.

Халчу хьешех лаьцна Йагас жам1 деш дош олуш чекхдолу дийцар.

«Йагин кхалхар» дийцарехь Йагас мелла а жоп ло Гила санна цомгуш нахах хиндерг гойтуш.

Ма вайн дай бацар-кха, къаьркъанаш муьйлий, тентагбуьйлуш, 1аьмнаш чу иэгаш, шайн хечеш яшош, лайла оьгуш, шайн бедарш бехъеш, шаьш г1орош лелла. Стенгара кхечи къомана кхераме цамгар, ун? Х1унда т1еийци вайн къомана векалша иза а, кхин а ц1ена доцург?

Шен ступшичийна зуда ялийнчохь сакъийрина базбелла корта бохьуш кхочу Йага, шен коьртана «дарба дан» кафе. Кхузахь дика гайтина авторо, вайн къомана хийра хиллехь

а, х1инца вайн ц1ийх д1аиэн а гена йоцу алкоголхойн «барта кхолларалла». Йагас а, кхуьнан пурбанца х1ара 1аш волчу истолана гуонах д1атарбелла вукху кхаамо а, къаьркъанан 1аь юкъахьа хьаьвзий, сихха «гергало» тосу. Сих-сиха достучу къаьркъанан шишнаш чуьра, шайт1анийн ловзар санна, даьржа х1окхеран гуона юккъехь а сакъерадаларан сурт. Оцу суьрто 1ехавой, Йагас а олу кедан дешнаш (алкоголхойн кхуьуш йолу барта кхолларала) «Ма долийла синачу бай т1ехь ц1ен зезаг, ша мохе теххкадойтур делахь! Ма долийла к1анта къаьркъанан стака, ша цуьнга леставойтур велахь!» И дешнаш «доттаг1аша» ч1ог1а безамца т1еоьцу, я хета иза иштта… Дукха дах-м ца ло и сакъерадалар а, шайт1анийн ловзар санна. Тиларчу вахча санна, маларо баьхьна корта истола т1е биллина 1уьллу Йага меттахвоккху, кафе чуьра ара а воккху. Х1инца оцу меттехь гойту Йагех дийцаран авторо, х1окхунах х1ун адам дина шишана чуьра шайт1ано. Ша мила ву а ца хаьа, стенгахь ву, стенга ваха деза а! Я цхьанхьа а ваха де а дац цуьнан, базбелла даш хилла корта, дазделла дег1! Къонах, нохчийн къонах вужу лайла, къонах аьлча а, къонахчух дисина сакхат! Шийлачу махкахь хийла и санна пекъарш бисина даиманна а оцу лайшкахь. Вайн махкахь иштта шийла ца хилахь а, иштта корта байъина стаг д1акхалла де доцуш-м дац и вайн 1а а. Делахь а вайн махкахь х1инца а дукха бисина доглазам болуш, адамаллех буьззина бакъ нохчийн къонахой а. Царех цхьаъ ву дийцаран турпалхо Асланбек а, цо лай бухара воккхий, шен хьаша во,

некъан йисттехь 1уьллу Йага.

Асланбека гихь, текхош, шайн сов ц1а чуьра лохуочу дечиган маьнги т1е кхачийнчу Йагина, г1ан го ша велла! Беламе говза гойту Хьаьлима шен дийцаран и дакъа а. Амма, вай и йоьшуш делакъежаш делахь а, саготта дуьтург ду – вайн синхаамехь Йага наб кхетта бен вацахь а, хууш ду иза шашена а, шен уллрчарна а велла ву боккъала а, иза дуьззина адам дац, амма оцу адамах йисина цуьнан харц, вуон аг1о ю.

Хьаьлимна шен пекъар, дийцаран турпалхо Йага, везаш хиларна, цо-м иза, кхеравой, меттавалаво, вайна шен Йагех къа а хоьтуьйтуш, шена санна.

Кхузахь а, Йага кхеро, Хьаьлима говза композицин сурт д1анисдеш пайдаоьцу халкъан барта самукъане доцца дийцарх. Йага, вуочу г1ан-набарша хорам бой, хьовзавой дечиган маьнги т1ера чувужу, керчий, маьнги к1елахь пенах мара д1аг1уртий, кхин ваха меттиг боцуш вуьсу иштта 1илла. Кхераваларо самаваьккхинчу Йагина тарло, ша боккъала кошахь ву аьлла. Иза уггаре а ч1ог1а кхийринаг т1екхечи Йагина: малар кийрахь долуш валар! Йагин оцу дог-ойлано а вайна гойту, иза кхеташ хилар, ша къаьркъа муьйлуш ша шен х1аллакхвар Дала хьалха а къилахь дуйла цунна хууш хилар а. Делах цуьнан озаваларо а гойту, иза велла д1аваьлла стаг воций а.

Асланбека шен х1усамненаца, маьнги к1елхьара дуьхьалатийсалушшехь, хала озийна схьаваьккхинчу Йагина гина сурт дахар ч1аг1деш ду. Эзарнаш адмашна х1ора дийнахь

гуш, уьш цец ца дуьйлу сурт: чоь, кор-не1, истол, г1ант, маьнга, т1ех1оьттина дийна х1ара санна ши адам. Гуш, буьрса жоьжахатин ц1е а йоцуш, тамехь эсала йовхо луш нохчийн пеша чохь догу дечиг. И ц1енчу дахаран хаза сурт ду, Йага цига юхакхойкхуш санна гуш. Х1ора Хьаьлиман дийцаран баснехь санна жам1 деш нислучу чаккхенехь санна, Йагин оцу чоьнах самукъадаларо цунна дахарх чам карлабаларо гойту Йагин коьртехь мелла а дикчу аг1ор хийцамаш хиллий.

Мелла а историн аг1онаш гайтина а ца 1аш, оцу тоьшаллийн Йагин г1оьнца, шена хетарг, шен дуьне гар вайна довзуьйту Хьаьлима «Талорхой» ц1е йолчу дийцарехь.

1993 шераш хала а, декъаза а киртиг яра Россин пачхьалкхехь. И дамар цу хилла яхана яра советан империи, шена т1аьхьа ийзош яра цо, Росси а. Ахдуьне д1алаьцна лаьттачу пачхьалкхан массо маь11ехь карзахбевллера талорхой, зуламхойн тобанаш. Акха капитализм яра шен ира, луьра к1омсарш къерзош пачхьалкхана. Оцу хенахь, суна хууш, 1аламат онда зиэнаш дара Читински областина а, Китай пачхьалкъана дозанехь Аргунь ц1е йолчу дозанан хи техь, Краснокаменск-г1алахь. Сецош ц1ерпошташ, вагонаш яссаеш, шайна г1аролаша дуьхьало йича, и вагонаш ц1е туьйсуш ягош, та1зар латтош бара цигара талорхой. Оццул йоккхачу пачхьалкхехь масане хилла хира ду и санна масалш. Талорхоша лелориг-м берийн ловзар дара. Заводаш, фабрикаш, мехкдаьттан, газан дийнна отраслешан керла дай буьйлуш

бара, беламе, к1еззиг мехаш луш, уьш шайн долайохуш, караерзош. Иштта инзаре къиза а, хала а вайн пачхьалкъана т1ех1оьттина хиллачу киртигах цхьа жима цинц бу Хаьлима «Талорхой» дийацарехь хьабинарг.

Кхечу аг1ор хила йиш а яцара, Нохчийчохь да воцуш, адам доьхна, шаьш х1ун дан деза ца хууш лела хан ю иза. Белхаш боцуш, генара белхаш боьхна, алапаш доцуш, къам б1арзделлера, оцу къомана юккъехь собар к1езиг дерш, аьрха нах а нислора.

Шен дийцар долош, Хьаьлима юьхьанца гойту вайна, мела а оцу къизчу хиламашна йистехьуо нисбеллачу ламанхойн 1ер-дахар.

Йагин Бийтар-эвлахьцкъачунна тийна дара. Эвлахь кесткестта д1айоккхучу токуо а, лахара хьала хезаш долчу къамелаша гойту х1окху тийналлина а т1ег1ерта йоккхачу пачхьалкхехь а, къаьсттина Нохчийчохь, хилла хийцамаш, бохамаш.

Амма Хьалима кхуллу метан говзачу исбаьхьаллин г1ирсашца шатайпа сурт, хьалха санна коьрта турпалхо Йага а волуш, кхоьллина басарш ма-торру юьстаха а тоьттуш. Беламе дийцаршкахь бохаман суьрташ гайта къаьсттина дика пох1ма а, йозанан говзалла а, адамийн амалш евзаш а, адам дезаш а хила веза яздархо. Ткъа Хьаьлим х1окху дийцарехь дика ларавелла и декхарш кхочушдеш. Цо беламе гойту цхьаберш, иза доггаха воьлу вукхарах, амма яздархочун беламна юккъехь, дикка цуьнга ладоьг1ча, къаьста оцу адамах цуь-

нан шен дог лазар а, боккха къинхетам а.

Йага-м шен зудчо Босбикас лелийначу урда т1ера даларaш санна йолу хьаьжк1аш чуерзийна, оцу рицкъанах а воккха а веш 1аш вара. Амма Йага санна болу ламанхой карзахбоху лахара рицкъах йоьттина машенаш цхьаберш хьалакхийла боьлча, Йагина дагайог1у хьалха обаргаша Теркал дехьара кхийлина реманаш. Яхье волу шен доттаг1ашца Хьаппица, Мушуца, Шовхалца а. х1ара, наха лелочуьнга хьожий, ойла ца еш, юкъаг1урту, ткъа цунах х1ун хуьлу вайна гур ду дийцаран чулацам вай теллича.

Гуьмсе-г1ала Йага д1акхаьчча, цецволий вуьсу. Ерриге а Нохчийчуьра гулделла адам хуьлу, аьчканекъан бохалла д1а а, схьа ц1ераш ягош 1аш. Х1оккхузахь ву Йагин кхоъ накъост а, цара шайн доттаг1чунна хьоьху вагонаш т1ера х1ун мехала ю а, яц а.

Йоттуш шашлык а хааели, малар а ду, шелонца къийса атта хилийта. Беламца гойту яздархочо кхузахь адамийн амалш талхар йоццучу хан-заманахь. Иза гайта аьтто болу х1окху наха, синкъерам бу бохуш оцу юккъехь маьттаза лела адамаш, дуьйцу къамелаш гайтарца. Къоман сийлахь йолу амалш, оьздангаллаш хьоьшу кхуза гулделлачу адамо. Схьахетарехь, иштта кхин генадалахь Нохчийчуьра массо маь11ера кхуза схьагулбеллачу наха, берриге махкахь даржор ду и къам маьттазадоккху долу х1у! Иман даржош йолчу халкъан институтан векалш а хаало йистехьуо назманаш олуш. Йагин аьтто а болу цаьрга хаттар дан. Халкъан оьздан-

галла яржош хуьлучу синкъерамехь шена цакарийнарг а, лоху Йагас дешначу нахехь. Амма кхуза гулбелла бакхий нах а бу шайн рицкъ кхузахь ду моьттуш, Дала шайна делла. Шайна бег1ийла хеттачу аг1ор дерзадо цара, рицкъа х1ун ю аьлла, олучух шаьш кхетар а. Ц1ера арадаьхначу хенахь шайгара даьккхина, лулара къаьмнаша шайна дерзийна рицкъ а долучух тера ду цхьаболчарна х1инца а дагадог1уш. Уьш бу и рицкъа ц1ера арадаьккхинчу къомана Дала х1инца юхасхьахьажийна моьттуш, шайн дог оцунах 1ехадеш. Милла ца дала а, шайна мелана а олий, оцу адамаша-м зуькаран ч1уг а хьовзайо.

Х1инцале а шайх дог даьккхина, шайн харц дог-ойла гайтина нах, ц1ерпошт генна 1аьхаш хезча кхин а ирча беламан суьртаца гойту авторо. Чуетташ яккхий тоьпаш елахь а, юкъахдоккхуш доцу ламаз санна, деза лоруш долу зуькар деш берш, цхьамма омра дича санна, совцу. Уггаре инзаре беламехь ду, оцу Далла г1уллакъдеш болчу баккхийчу наха, ц1ерпошто дохьуш дерг шайна зуькар дарна мелана дохьуш саг1а ларар. И нах-м болчух тера дац ялсамане т1е кхаччалц хьежа шайн зуькарна ял схьаэца.

Амма оцу т1ехь а авторо гойту кхин а къиза а, беламе суьрташ. Чухецаделлачу адамаша сецначу ц1ерпоштан вагонийн не1арш йоьллу, дог1анаш дохош. Чухьаьддачу адамо когаш к1ел воьжнарг а г1атта ца вуьтуш, хьоьшу, т1е когаш бохуш, т1ехлелха уьш вагонашна чу. Ткъа дамех юьззинчу вагонан мах а къиза хадабо цара: «Ж1аьлеша даарг, деккъа

цена дама бен дац кзу чохь-м!»

Уьш ду-кх ц1ера арабаьхначу хенахь мацалла лайначу нехан бераш!

Йага а ву хьеребирзинчу наха шен б1аьргаш чохь шайн къиза це латийна, б1аьргах сара кхетча санна, д1асауьдуш. Х1окхунна а, шайн зеделларг долчу накъосташа ма-1аммора, ца деза дама! Мандаринаш! Шекар! Амма репортеран буйнарчу кинокамерина т1еветтало иза. Уьстаг1ий чохь долуш вагон ю аьлла хезча, цига а хьоду Йага. Амма оцу адамашна массарна а дан дог1ург шен Йагина т1ехь до авторо. Вагон чуьра аракхуьссу уьстаг1ий д1асаидош ду адам, Йагас, катухий, биъ ког а лоций, шен гитуху уьстаг1, амма х1окхуо уьстаг1 бу моьттуш ги тоьхнарг и усьтаг1ий лардеш хилла ж1аьла хуьлу. Адмийн юьхь яйъина, ж1аьлин кепе дирзинчу адмана дог1урш шаьш санна ж1аьлеш ду! Оцу адмалла дайна хьийзачу адмашна дог1ург кхин цхьаъ а шен Йагина т1ехь гойту Хьаьлима. Наха шайн дезар дина висинчу вагон чохь шена ижу лаха вулу Йага. К1адех, пхьег1ех а ца вешачу Йагина хаало ц1ерпошт д1айоьдуш. Х1ара чукхоссавала ца кхуьуш ц1ерпошт чехка йолу. Йага х1инца Дег1астанера дозанахь лаьттачу 1едалан белхалошна нийсса кера д1ахьош ву. Ша саннарш алссам хиларна, Къедин-юьртахь сацийначу ц1ерпоштан керара волий, г1аш ц1ехьа лаьмнашка вог1у Йага.

Дийцар чекхдолуш, кхечу дийцаршна санна, жам1 дар, чаккхенца олу дешнаш кхин хьехаме дацахь а, к1оргга

маь1на долуш ду, дийцар дешнарг бен кхетар воцуш а ду.

«Къедин-юьртахой санна, дика нах кхечу ярташкахь бу аьлла хеташ-м вац со!» – Йагин ойланца дерзадо шен дийцар Хаьлима. Къедин-юьртахой-м шаберш а вон хуьлийла дац, ткъа диканаш буй Йагас хестораш?

Доцуо делахь а, мела а философин чулацам болуш а ду Хьаьлиман «Зударийн саьхьарло» ц1е йолу дийцар. Дика делахь а, вон делахь а, кхин 1алман суьрташца басарш ца кегош, шена дика евзачу адамийн амалшна, дог-ойлана т1е тидам бахийтина авторо х1окху дийцарехь а. Кхин цхьаъ а ду, вай хьалха ма-къасттора, Хьаьлиман шен дешан говзаллица аьтто баьлла х1окху дийцарехь а, нохчийн къоман барта дийцарех пайдаоьцуш, шен дийцаран чулацамца дийна цхьаъ хуьлуьйтуш уьш иэдан. «Зударийн саьхьарло» дийцарехь Хьаьлима пайдаэцна шина нохчийн забаре дийцарх.

Х1окху дийцарехь Йагица цхьана жигара дакъалоцуш ву х1окхуьнан ши накъост Шовхал, Хьаьппи. Сюжетан коьрта ойла хьаьвзи зударийн, божарийн амалш самсаяхарна гунаха. Йагин зудчуьнга Босбикига мукъна а дош ца кховдош, и амалш кегошберш шаьш божарий бу, цундела куьгбехке лоруш а х1окхара зударий бу. Кхузахь еккъа ц1ена божарийн монологаш а ю. Амма коьрта сюжетан сиз ду, зударех Йагин накъосташа дуьйцург, х1ара хьовзош-тусуш, шен Босбикина чу а хохкуш, шайн жимма самукъадаккха лерина х1оттош кеп. Йага-м кхета мегар дара, шен накъосташа, шаьш бакъ хиларан тоьшаллина, далош дерш халкъан забаре дий-

царш хилча, уьш бегаш буй. Амма и ца тешаран авторо хьалха х1оттийна 1алашо а вайна дийцаран чаккхенехь гучудер ду. Цкъачунна-м Хьаппис, Йага зударийн саьхьарлонах тешийта, дуьйцучу инзаре хаза беламе дийцарех 1ехавелла. Хьаппин дийцарехь зудчо-м ша саьрмик болу ор чу кхоьссича а, и т1е а ***й хоьхку. «Саьрмикна х1ун ю зуда, цкъа кхаллал х1ума бен яц!» – ойла дага ца йог1у Йагина, иза-м х1инцале а Босбикех цатешаман бух кхуллуш ву ойланашкахь.

– Уьш-м туьйранаш дара! – боху Йагас, амма оцу туьйранах иза теша кийчча ву. Оцу шен тешам т1ехь иза ч1аг1веш, Хьаппис дийцинарг бакъдеш, Шовхала а дуьйцу халкъан дийцар шена хезча-м ца олу Йагас «уьш туьйранаш дара!» Цо хазахетарца, т1араш тухуш, т1еоьцу иза. Х1инца иза дика тешна вог1уш ву шен Босбика а царех цхьаъ хиларх. Йага ч1аг1о йолуш тешийта, Хьаппис кхин а т1етуху, зударша, йо1 ненан ирс лоруш, к1ентий ца бо, олуш дицарца.

Х1инца-м вист ца хуьлуш тапъаьлла 1ара Йага. Амма иза кхин метта ца воуьйту вукхушимма, кхин а зударийн мекарлонех дуьйцуш. Ткъа шен Босбикина оьг1азвахна Йага-м вац цара дуьйцург хезачохь а. Йагина дагадог1у, ша Босбикига шена к1ентий беза бохушшехь вукхо йо1арий дуьнен чу бохуш хилар.

– Х1ан, 1одика йойла! Со д1авоьду, – ц1аьххьана Йагас аьлча, ши накъост кхетта шаьшшимма аьлларг кхочуххиларх. Цара-м, сацо г1ерташ, г1еххьа дехарш а дира, амма Йага д1а-

вахна дукха хан ялале цунна т1аьхьа вахара и шиъ, шаьшшиннан синкъерам хьалха буйла кхетта.

Йагас ша чукхачарца сиха долийра шен Босбикица дов, къайлаха ладуг1учу накъостийн самукъадоккхуш, Босбика а елаелира Йагас дуьйцург хазахетта. Амма ц1индас пеша хьалхара схьаэцна дечиг детта долийча, Босбикина орцахбевлира къайлах ладуг1уш хилла Хьаппий, Шовхаллий.

Авторо философин х1илланца чекхдоккху шен дийцар. Босбикин бутт сов зама яьлча доьзалхо хилира. Иза к1ант вара…

Бурчаев Хьаьлиман дийцарш шен меттан башхаллашца а кхечу авторийн дийцарех мелла а шен юьхь йолуш къаьсташ ду. А. П. Чеховс ма-аллара: «Йоцалла – пох1ман йиша ю». И дешнаш ду, аьлча нийса хир ду, Хьаьлиман дийцаршкахь коьртаниг. Цул а мехалниг, и дийцарш вайна ч1ог1а юххера хилар ду, уьш вайн дахар юккъера говзачу куьйгашца схьаэцна Хьаьлима.

Нохчийн къомо х1инца кхуллуш, карладохуш, шардеш ду шен турпалхойх Чорех, Молнесартах забаре дийцарш. Хьаьлиман Йага а ву, цхьана меттехь ца латташ, ч1ог1а йоккха т1аьхьало хир йолуш турпалхо. Цуьнах Хьаьлиман кхин а дика дийцарш х1инца а язданза ду, аьлла хетта.

2005 шо

**Аналитикан статья. Маршонах маьрша ойланаш. Цуруев Шерипан 1илманан талламах дош.**

(Аналитическая статья по научно-публицистической ра-

боте известного чеченского поэта и писателя Цуруева Шерипа «Свободные мысли о Свободе»)

Нохчийнчохь а, Нохчийчоьнан дозанал арахь а дика вевзаш волчу поэта, публициста, бина талламан болх барам боккха боцуш белахь а, чулацам боккха а, к1оргге а, ойлайойтуш а бу. «Маршонах маьрша ойланаш» статья араяьлла 2003 шарахь, «Орга» журналан №8 т1ехь. Шерипас маьаллара, дахаран юкъаметттигаллийн талламаш беш нохчийн маттахь зорбанехь арабевлла 1илманан философски белхаш бац, исбаьхьаллин литературехь вайн г1арабевллачу яздархоша бина талламаш а, хетарш а доцург.

Шерипан статья кхаа декъах лаьтташ ю. Юьхьанца олуш долчу дашна т1ехь а, «Хаттаран исторex…» ц1е йолчу шолг1а дакъана т1ехь а антични философашна т1ера схьа XX б1ешере кхаччалца философин ойла а, оцу ойланах дуьненахь а г1арабевллачу философаша аьлла долу шайна хетарг довзийтуш йоцца экскурс еш д1айолайо автора шен статья. И белхаш дерриге а дуьненахь бевзаш а бу, церан бухт1ехь а, уьш 1аморан 1илманан а белхаш беш бу дукха хенахь дуьйна. Цундела вайна коьртаниг а, довза луург а Шерипас шегара аьлла дош, цуьнан синкхетам, цо ен философски ойла а ю. Дуьненан философин коьрта ойла статьян автора т1еялайо «маршо» бохучу терминна, маршонах бусалба динахь муха кхета олуш чекхйоккху Шерипас шен ойланаш. Цуьнца цхьабосса д1адолало статьян кхоалг1а дакъа «Маршо – нохчийн кхетамехь» – Шерипан коьрта ойланаш. Стом-

мачу сизца схьайог1у ерриг а статьяна т1ехула авторан ойланех цхьаъ: стенах алан деза маршо, бакъ йолу маршо, оцу дешах хетарш а, ц1е а, кеп а йоцуш. «Адамо беш болу берриге исторически некъ иза маршоне беш болу некъ бу», – аьлла хета цунна. Нохчийн къоман маршонах кхетар а, сатийсам а: «дукха а б1ешерашкахь дуьйна нохчийн къоман коьрта идея хила схьайог1уш ю». Амма «Шайх-Мансура бина г1аттам а, Таймин Биболта латтийна къийсам а, имам Шемална т1аьхьа х1иттина 25 шарахь бина т1ом а, кхин цул т1аьхьа нохчаша бина т1емаш а нохчийн кхетамехь йолу маршо бахьана долуш хилла аьлча нийса хир дац. Маршо езар хила тарло нохчашка т1ом байтинарг, амма оцу т1емаша ца кхетадо вай нохчий маршонах, гучу ца доккху нохчийн маршонан маь1на. Ц1е йоцург, кеп йоцург оцу нохчийн маршонах к1еззиг х1ума доьзна ду 1995—96 шерашкахь бинчу т1емашца…» бохуш долу авторан дешнаш мелла а чолхе ду кхета. Х1унда аьлча юьхьанца схьайог1уш йолчу ойлана «герз карахь бинчу къийсамийн 1алашо а хилла маршо…» мелла а дуьхьало еш уьш долу дела. Делахьа а цул т1ехьа дог1учу мог1наша кхетаво дешархо авторо, х1унда хета шена иштта аьлла. «Нохчийн маршо дуккха а шуьйра а, к1орга а ю. Нохчийн маршо – иза адаман маршо ю, юьхшен (личностни) маршо ю, чоьхьара дуьйна «арайолуш йолу» маршо ю. Адаман, юьхшен маршо дуккха а йоккха а, хьалдолуш а, диканиг кхолла таронаш йолуш а ю къоман, пачхьалкхан маршоне, я «ц1енна» арахьарчу (социальни) маршоне хьаьжча. Къ-

оман, пачхьалкхан маршо адаман абстрактни, генара х1ума хила йиш ю дукха хьолахь, оцу тайпанчу «маршоно» адамна ницкъ бан тарло…». Авторан оцу дешнашна т1етоха деза аьлла хета кхин а цхьаъ: 1995—96 шерашкахь а, цул т1ехьа а бина т1емаш х1инцалера дукха социальни а, политически а, экономически а хьелаш хьадеш, уьш бахьана долуш а хилла бу. Цуьнан коьрта бахьана импери йоха тохаялар а ду, СССР ца йоьхнехь нагахь санна, Нохчийчохь т1емаш хир бацара. СССР йохарх, импери ца йоьхнера, империно шен дийналла йохаран кхерамна инстинкт бахьана долуш, салаца тохаделлачу дег1о санна, болийна къийсам бара и т1емаш. Жимчу Нохчийчохь и т1ом ца баржийнехь, империна йохаран кхерам бара. Оьрсийн меттан регионаш ларалуш йолчу Сибрехан цхьайолу регионаш а яра суверенитет кхайкхош, т1ехьа сиха лергаш та1ийна 1ийна Татарстан-м йиййца а ца оьшура. Бакъдерг дийцича, Татарстана шайна йоьхуш йолу бакъонаш, цунна сиха д1а а елира, Нохчийчоьно йоьхуш ерш а яцара кхин дукха, ша к1езига яцахь. Ткъа Нохчийчохь х1унда болабелира т1ом, оцу хаттарна а ду цхьамогг1ара жоьпаш. Царах цхьаъ ду исторически дагалецамаш, генни ларамехь къомана дагайог1уш йолу къизалонаш, (къоман цхьа а бехк боцуш!) Оцунах пайда ийцира «т1еман партийно», нохчий-м бацара и т1ом шайн кхетамехь бан 1алашо йолуш а, Росси церан пачхьалкх хилла яьллера. Россино нагахь санна ницкъала уьш пачхьалкхана юккъера арабаьхнехь а, уьш буха оцу федерацина юкъа баха г1ерташ т1ом бан тар-

луш оццула ч1ог1а боьзна бара Россица. Оцуьна бахьана вай т1ехьо дуьйцура ду. Ткъа х1инца Шерипан статьян кхин д1а а йолчу ойланех сайна хетарг ала лаьара суна, мелла а статьян чулацам а буьйцуш, сайн ойланах шу кхетийта.

Нохчийчоьнан Россица 1оттабаккхамаш а, т1емаш а буьйлабалале хьалха нохчийн хиллачу юкъараллин д1ах1оттаман анализ ю Шерипа кхин д1а шен статья т1ехь еш ериг. Шуьйра хууш долу х1уманаш ду уьш дукхахдерш «Х1етахьлера нохчийн юкъараллин д1ах1оттам дуккха а б1ешерашкара схьабеъна ламасталлин д1ах1оттам бу. Кхузахь дац регулярни эскар, полиции, Бац элий а, лай а. Нохчийн юкъараллин структура чолхе яц. Иза маьршачу нехан юкъаралла ю.» Вайн 1илманчаша-талламхоша а историкаша а дукха дуьйцу нохчийн эзара шерашкахь кхолладелла юкъалалин д1ах1оттаман сурт. Шерипас а олу цунах шена хеташ дериг. Амма суна к1езиг хеза оцу аларшна чекъдаьлла сурт х1оттош олуш долу дош. Масала т1етоха лаьара оцу аларшна сайна хетарг а. Дуьнена г1арабевллачу политикаша, историкаша, философоша 2500 шо сов хенахь дийцар деш ду маьршачу демократически адамийн юкъараллех, марошонах лаьцна. Амма и дийцарш, Шерипас ма баххара, Европан хиламашна т1етевжина ю, уггар коьрта лаьтташ ериг оцу дийцаршкахь пачхьалкх ю. Пачхьалкхан дозанан юккъехь, пачхьалкхан барамехь хьовсарш до оцу проблемана дуьненан 1илманчаша. Нийсо лелош йолу пачхьалкх, «дика паччахь», аьлча а демократически пачхьалкх – и ду коьртаниг оцу дийцаршкахь.

Пачхьалкх адмаша шайн дахарехь эзара шарашкахь кхоьллина, ца хилча ца йолуш структура ю боху цара. Европан х1инцалера пачхьалкхаш гойту цхьаболчара бос балош масалаш деш царах. Амма Шерипас шен статья т1ехь, дуьххьара бохург санна, аьлла: нохчаша бина т1ом пачхьалкхана дуьхьала бина бу, оцу тайпанчу адамийн юкъараллин структураца. «Халкъ а, мохк а Россис шен дозанаш чулацар ца хета суна нохчаша X1X б1ешарахь оьрсийн эскаршна дуьхьало яран а, XX б1ешеран чаккхенехь т1емаш хиларан а бахьанаш… Уьш ца г1овтту, ма-дарра аьлча, пачхьалкх йилла. Уьш пачхьалкхана дуьхьал г1овтту. Пачхьалкхо шайна ницкъ барна, пачхьалкхо шайца лелош йолу харцо лан ца лой г1овтту…» Амма хетало Шерипас а чаккхе йоллуш цунах лаьцна ца алар. Дикачу пачхьалкхо нохчийн латта д1алаьцна хиллехьара, нохчаша и атта т1еоьцур дара алан г1ерташ хетало. Нохчий шайн пачхьалкхан дозана чу лоцучу хенахь Росси шен къам а, нехан къаьмнаш а лай дина (крепостное право) къизаллах юьззина пачхьалкх хилла. Амма, суна хетарехь, оцу хенахь баьхна нохчий, церан 1ер-дахар, «пачхьалкх» олуш йолчу терминна, и мел дика хиллехь а, гена хилла, (генна хьалха!) Шерипас шен статья т1ехь шуьйрра йуьйцуш йолу X1X б1ешарахь нохчашна юкъахь хиллачу адамийн юкъаралла дуьненахь пачхьалкхаш мел ю цаьрца цхьана тарлур йолуш ца хилла. И хета суна X1X б1ешарашкахь нохчаша латтийначу къийсаман а коьрта бахьана. Пачхьалкх, мел ч1ог1а и демократи ларош елахь а, цуьнан

маршо пачхьалкхан чулацам болуш ю, ткъа пачхьалкх мел диканиг а и юьхьшен маршо шенчул а лахар лоруш ю. Пачхьалкхан дозана т1ех яла г1оьртича юху шайолу а кхин маршонаш, юьхьшан а, адамийн а, экономически а, кхин ерш а.

Шерипан статьян кхин цхьана аг1онах лаьцца а ала луур дара суна. Цо к1оргг ера а дика хааарш долуш а дуьйцу нохчийн 1ер-дахаран хьалха хилла чулацамаш, х1инцалерачу заманца церан уьйр а ялайо цо. Амма цо а, кхин болчу таламхоша а т1е тидам ца бохийтуш дерг и х1инцалера нохчий Х1Х б1ешарахь хиллачу нохчех къаьсташ хилар ду. Аса лакххахь ма-аллара, Х1Х б1ешарахь къийсам латтийна нохчий пачхьалкхана дуьхьала т1ом беш х1аллакхилла, дийна бисинарш «пачхьалкх» кхетаман к1елахь совцан безнарш бу. Церан дуьненах болу кхетам, адамийн юкъаметтигах болу кхетам хийцабелла, пачхьалкхан институташа са ца до1уш къахьегна уьш шайн исторически хьолашкахь, нийса аьлча, лахарчу т1ег1ана т1е охьабаха. Х1унда аьлча муьлхха а пачхьалкхан структура, коммунизм олуш йолу утопи а цхьаьна, шен идеалехь нохчийн Х1Х хилла йолу адамийн юкъаметтигийн структурана дуккха а т1ехьайуьсуш ю. Вайн къомана гонаха Х1Х б1ешарахь хиллачу пачхьалкхаша «д1а ца кхоллуш» йуьсур яцара жима Нохчийчоь, амма х1инцалерачу заманахь а ду гонаха 1аш долу къаьмнаш нохчашна шайн культуран, меттан а т1е1ат1къамаш бан шадериг а деш. Вайн матте ладоьг1ча а гуш ду и, аса дуьйцурш дац т1е ца эчча ца довлуш т1еэцна дешнаш. 1арбийн, Европан культураш-

на юкъанисделла ду вай х1инца а. Кхетадеш ду, дуьне мел доккха делахь а, глобализацино цхьатерра баса далориг хилар массо а къаьмнаш, культураш.

Шен статья чекхйолуш Шерипас т1е тидам бог1ийту х1окху ойлана: «Амма 1996—1999 шерашкахь (нохчийн йозуш йоцуш пачхьалкх йолуш) а нохчийн маршо хьаьшна яра. Чоьхьара маршо йоцуш, сица маьрша боцуш болчу нахана шайна арахьара маршо яьлча. И маршо лан ца ло, цунах дезар эца ца хаьа. Лайн амалашка бирзина нах бу уьш, уьш цкъа а маьрша бовлуш бац…». Алан деза, нохчий пачхьалкхан дозана юкъа бахначул т1ехьа, дикка хан д1аяьлла, т1аьхьенна т1аьхьенаш а хьалакхиина пачхьалкхан «кийрахь». Амма и пачхьалкх даима а «десте» хилла лаьттина нохчашна. Уьш пачхьалкхан дай хила 1амон дагахь цкъа а ца хилла пачхьалкхан бакъболу дай. Мелхо а уьш х1аллакбеш, т1ехьатуьттуш, церан культура «ен» г1ерташ белхаш бина пачхьалкхо даима а. Нохчий шайн дайн адамийн юкъаметтигех а баьхна хилла, ткъа пачхьалкхана юкъабигича а уьш цу юккъехь 1ен-баха 1амош а ца хилла. 1996 шарахь яккхий къизалаш а ловш, механа доккха ц1ий а луш уьш цхьана пачхьалкхах к1елхьара а бевлла кхин и санна йолу пачхьалкх ян г1оьртича х1ун хийцало. Х1Х б1ешарахь, нагахь санна Шемалан теократически пачхьалкх т1амехь тоьллехь а, нохчаша и сихонца йохор яра. Шайн юкъаметтиг лелон а хуур дара царна, шаьш бехар а бара цхьа а пачхьалкх а ца еш. Амма х1инцалера нохчий хийцабелла, мел ч1ог1а вай дайн г1иллакхаш

лелон г1ертахь а, уьш хийцалуш д1аг1ур ду. Шерипас шен статья т1ехь юьйцуш йолу юьхьшен маршо а нохчочун хийца езар ю пачхьалкхан муьт1ахь йолчу маршонца, пачхьалкхо шена луш йоллучу маршонца.

Таханлерчу дийнахь вайн къомана хьалха лаьтташ болу хиламаша гойту вайна хийцамаш мел ч1ог1а хилла, вайн тахана Россин дозанахь елахь а, нохчийн пачхьалкх ю. Вай тахана бен ца дуьйладелла оцу пачхьалкхан маршонех кхета а, пачхьалкхехь дуьззина цуьнан дай а хилла даха а. Х1Х б1ешарашкахь нохчийн хилла адамийн юкъаметтигаш г1оле-м хир яра нохчашна, амма вайн таханлера бакъдерг и пачхьалкх ю, пачхьалкхехь даха 1емаш ду вай.

**Минкаилов Эльбрусан «Гуорабожийна сай» ц1е йолчу дийцарах дош.**

Аналитическая статья по рассказу известного чеченского писателя и публициста, главного редактора республиканского литературного журнала «Орга» Минкаилова Эльбруса «Упавший на колени олень».

«…Со лаамза хилла теш ма вара цуьнан дахаран…» ишттачу дешнашца чекхйоккху Минкаилов Эльбруса дахаран талламан-тидаман цхьа жимма йолу кийсаг, шен дийцар «Гурабожийна сай», «Вайнах» литжурналан 2010 шарахь, №6 т1ехь арадаьлла долу. Амма и дахаран кийсаг ма-хуьллу хабийна, йоцца язъйина ю авторан дийцаран аг1онашна т1ехь, Минкаилов Эльбрус даима а г1урту шен кхолларалехь дош ма-торру доца ала. Х1ара «Гуорабожийна сай» ц1е йо-

лу дийцар а ду хьаьдда доьдучу дахарана юкъара дош хоржуш ка тоьхна схьадаьккхина яздича санна. Эльбруса кесткестта ша олуш ма-хиллара: «дийцар мелла а юккъе совнах долу басарш ца ийдеш дош доцца олуш яздан деза, делахь а оцу доца яздаро легашка хорам бина садукъдан а ца деза кхуллучу произведенин…» Дийцар ша кхуллучу заманчохь цу т1ехь аьлла дош доца делахь а, 1аламат боккха а, «адаме муха ланлур бу техьа иштта халниг» аьлла хоьтийтуш хала а адамийн дахарехь хилан тарлуш болу (х1унда ца мега иштачу дахаран некъ, хилам хилла хила а) цхьа некъ бу автора теллинарг. Вайна гайтархьама бийцина бац и некъ, ша теш а волуш, шен дийцаран коьрта турпалхочуьнца шен синлазам а буцуш, цуьнан халонах ша дакъа а лоцуш, и хало шен дагах чекх а йоккхуш, дог а лозуш дийцаран аг1онашкахула чекхволу автор, шен турпалхошна улло а х1уттий. Дийцаран коьрта турпалхой Шемал а, Саида а бу, ткъа Шемалца ишколехь дуьйна цхьана дешна, цхьана юьртара а волуш, вевзаш ву произведенин т1ехь Эмин. Эминан ц1арах ду дийцар д1ахьош, амма дийцаран турпалхочун мотт хьоьхург а хилла ца вуьсу Эльбрус оцу произведенин аг1онашна т1ехь. Эминас дуьйцуш долу, дагна лан а, лергана хаза а хала долу дийцар, автор гуш вацахь а, шен пох1мин к1оргаллийца ша уллохь хилар гайтаро синлазам алсамбоккхуш ду. Эминин дийцар-м дац кхин басарш совдаьлла, ур-аттал шен накъостийн юьхь-сибаташна т1е тидам бахийтина а. Амма говзачу суртдиллархочо санна ши-кхо басархьакхаран ке-

пехь кхоссар а дой автора кхоччушдолу сурт-м дуьллу шен турпалхойн. Масала, Шемалан дешнаша «…Хьажахь, хьажахь хьуьлла йог1учуьнга! Цхьа сай бу-кха, сай!…» ца дуьйцу мел куц-кеп долуш хаза йо1 ю Саида. Коьрта тидам т1ебохуьйтург духар а дац, амма вайн б1аьргашна хьалха хазчу куьцехь дуьззина сурт-м х1утту оцу йоь1ан. Йоь1ан духарх лаьцна доцца аьлла долу «…б1аьстенан басаршца йог1у къорза коч…» а ца хетало оцу кучан сурт кхолларан дуьхьа аьлла, амма – б1аьстенан хазалла гайта, б1аьстенан зама гайта аьлла хетало. Т1къа коьртаниг йоь1ан куьцехь дерг: «…суна хета а хийтира и сайнах тера, цхьана курачу сайнах, парг1ато евзаш а, и лоруш а болчу…» Мел дукха басаршца къагош дийцича а алалур дацара иштта к1оргера чулацам болуш оцу йо1ах дош. «Парг1ато еза сай» йоь1ан, къоначу адаман дахаран юьхь, мел сирла дахар хьоьху дешархочун синкхетамехь иштточу турпалхочун васто. Б1аьсте, къоналла, «парг1ато еза сай» – мел лекхарчу, сирлачу т1ег1анашкара хаза д1адолало дахар. Х1аъ, дахар даима а долало хаза, сирла – серлонна, хазаллийна кхоьллина а ду дахар! Адаман ойланаш, догдаг1арш а хуьлу даима а хазаллехьа г1ерташ, амма адаман ницкъаш а, комаьршаллаш а цхьатерра ца хуьлу. Адам дукха чолхе кхоьллина ду, дукха комаьршаллонаш цуьнца елахь а, цхьадолу адам дахаран 1аьржачу аг1онашкахь тиллой дуьсу, хьуьнаюккъехь тилделларг санна, адам ша хьуьнюккъара арадолу моьттуш кхин а к1орге чутуьлу. Мел чолхе ду дахар, ткъа и дахар довза, оцу дахарах лаьцна

дош ала мел чолхе хьекъал оьшу. Эрна олуш дац: «дийцар – уггаре а халачу литературни жанрех цхьаъ ду». Йоккхачу романан т1ехь-м дийнна адамийн дахарах лаьцна яздан шортта таронаш ю, ткъа доццачу дийцаран аг1онашкахь чолхечех цхьаъ адаман дахар гайта ондда пох1ма долуш стаг хила веза. Эльбрусан аьтто баьлла, бу бохуш болчу вайн яздархойн дийцаршна т1ера масала далийча а, цаьрца дуьстича а, шен дийцарехь к1орггера турпалхойн васташ кхолла а, дахаран юккъера цхьаъ чолхе кхоллам гайта а.

Дийцаран юьхьанца дуьйна автора вай цхьана кхераман а, хиндолучун а йийсарехь латтош санна хета, къаьсттина дийцаран юьххьехь вайна Саида евзинчул т1аьхьа. Х1унда ду вай авторан «йийсарехь»? Х1унда аьлча, шен дийцаран ц1е а говза тиллина автора: «Гуорабожийна сай», дикка тидам бича, гуорабоьжна а бац сай – «гуорабожийна». Хьа? Сте? Дахаро? Мостаг1чо? Мел дукха хаттарш кхуллуьйту оцу дийцаран ц1аро а! Интрига ц1еран т1ера д1айолалуш ю дийцарехь. Хетало дийцарехь вайна хьалха х1уьттун долу суьрташ 1аламат тамашена, я инзаре хир ду, амма автора вайна гойту сурт дахарехь хила тарлуш а, хуьлуш долчех ог1арера хиламийн сурт ду. Делахь а Эльбрусан дийцаран турпалхой а бу, массо а адам санна ша тайпа шайн амалаш йолуш, оцу амалийн бесарийн башхаллашца мехалла а бу уьш дешархошна. Соьга хаьттича, коьрта турпалхоша санна шен дуьненан кхоллам лохуш, дуьненчохь санна дийцаран аг1онашна т1ехь шен меттиг д1алоцуш ву ша автор а. Аса

лакхахь ма-аллара, автор ву наггахь 1индаг1 санна дийцаран аг1онашна т1ехь хаалуш а, наггахь коьртачу турпалхочун Эминан вастаца, амалца д1ауьйш а схьавог1уш. Делахь а билгала дериг ду, автор Эминан вастах шавериг а д1аийна ца хилар. Дийцаран мог1аршлахь шена лерина меттиг хилийта дуй а ца хаьа, автора Эминан васт мелла а эшош кхоллар. Сурт доккхуш санна, геннара шен турпалхой Саидий, Шемаллий гайта безначу киртигехь, меттехь шена хьалха тотту автора Эмин, цо шена автора т1едиллина и декхар кхиамца кхочуш а до. Амма синлозамо, къинхетамо дог 1овжочу меттехь Эминан уллохь делахь а, цуьнца ийна делахь а, г1улч хьалха хилла а цунна хьалха хуьлий а автора шен дог 1овжадо шена дукха безаш болчу турпалхойн къинна шен дог лозадо. Билгал долуш ду Эминан безамаш, къинхетамаш цхьана Саидийца бен доьзна доцург, амма авторан синлазам хьаьрча Саидех санна Шемалан декъазчу дахаран хиламех а. Кхин цхьаъ а ду, Эмин Шемалца жима волуш дуьйна цхьана хьалакхиъна велахь а, юьртахо велахь а, кхин доттаг1алла цаьршимма лелош дацахь а, цо Саида ялорна цунна къинт1ера ца волу Эмин дахаран дохаллехь. Цуьнан бахьна а вайна дика гуш ду, Эмин ша а ву Саиде болу къайлаха безам шен дагчохь къуьйлуш, дешархойх цо и мел лечкъорах а гуш ду иза а «…б1аьрзе ца хилар…» къона Саида ца гуш, аьлча а, къайла-къулаха ца езаш и ца хилар а. Т1аьхьа дахаран халонийн хиламаша а, ша шен бен ца гуш, ша бен дуьненахь кхин х1ума ца дезаш хиларна а оьшуш, дахарна к1елавуьсуш

схьавог1уш велахь а, къаьсттина къона волчу хенахь Шемал Эминал онда ву амалашца. Цунна тешалла ду, масала, Шемалас мало а ца еш «йо1 йовза шена некъ а лохий» шена хазахетта йолу йо1 Саида ялайо. Саидина а, Шемална а, ур-аттала ша-шена а гучубаккха ца ваьхьа Эмин шен йо1е болу къайлаха безам. Дийцаран дешархошна а схьакъийдабо цо и Саидех лозуш долу са санна, къинхетам санна. Оцу масалана т1ехь а гойту Эминас шен ледара, мела аг1о.

Коьртачу турпалхойн вовшашна юккъехь йолчу уьйрашна т1ехь хилла ца 1аш кхин цхьа аг1о а ю Эминас шен ледара гойтуш. Ала деза, Минкаилов Эльбрусас Эминан вастаца гойтуш ериг нохчийн интеллигенции хилар а, х1инцалерачу заманахь оцу интеллигенцино шегара ялийтина ледарлонаш гойтуш хилар а. Вайна дика дагадог1у, иттех шо хьалха вайн къомана т1ех1иттина хилла къиза хиламаш. Интелигенцино оцу хиламашкахь шегара гайтина хьуьнарш а, нийса хир ду, ца гайтина хьуьнарш аьлча. Суна хетарехь, Минкаилов Эльбрусан дийцаран т1ехь коьрта меттиг д1алоцурш а, коьрта ерш а нохчийн къомана т1ех1иттина халонаш, къизалонаш а ю. Дийцар литературан жанр жимачех ларалуш делахь а, авторан дика аьтто баьллачех коьртаниг а ду, йоцачу литературан произведенехь къоман а, пачхьалкхана а ницкъа хуьлуш, дерриг дуьненан а бала кхочуш хилла болу баккхийн хиламаш гайтар. Ткъа шина-кхаа турпалхойн васташ бен ца гойтуш, ца кхуллуш ишттачу барамехь литературни а, дахаран а к1оргалла гайта яздархочунна к1езига девзаш хилан ца

деза дахар а, цуьнан алсама хилан деза пох1малла а.

Дийцаран юьхьенгахь, дуьххьара вайна Шемал вевзачу хенахь, и жима стаг цхьабосса, адамийн юкъараллехь хилан еза аьлла юкъарлаьцначех тера, амалаш йолуш вац, Эмине хаьттича-м х1етте а. Эминас мелла а сийсаз яхь а, Шемалас ша мел бен-башхалла ца хеташ ша гайтахь а шен амалаш, дешархочун кхин дог доккхуш, дог дохош, билгалла вон ю аьлла амалаш а яц оцу жимчу стеган, хан-замане хьаьжича. Эмин санна тай тоьхча санна нийса и лелаш вацахь а, дешархочо шех дог оьцуш, дешархо шегахьа д1аийзош ю Шемалан амалаш. Эмин институте деша воьду атта экзаменаш д1а а лой, Шемалан и аьтту ца хуьлу, делахь а Шемалас шена юьхьара лаьцна йолу 1алашо кхочушйо заочно деша а воьдий. Шена хазъеллачу йо1е геннара хьоьжуш ца 1а и, масала, Эмин санна къайла-къулах хьоьшуш, цо-м и т1ехьа а волий, йоь1ан ойла шегахьа а ерзайой и ялайо, шайн х1усам а кхуллу. Аьлла хета, нагахь санна Советан 1едал ца духуш, машарен зама кхин а д1а яханехь, Шемал кхин нах санна г1ийла шена а шен х1усаман а дуьхьа вехар вара аьлла. Берашна «берийн бешахь» меттиг а хир яра, Шемална а, Саидийна а бан болх а хир бара, цхьана х1уманах кхеран а ца дезара, шина вонах цхьаъ «дика во» харжа а дезара дацара. Мел к1еззиг а хийцамаш буьйлалуш, халонаш т1ех1уьттучу заманчохь Шемал милицин капитан ма хуьлу, иза Советан 1едал долчу хенахь к1езига дарж лоруш ма дацара. Вай къайла дахийта хьаьвсича а Эминас дуьжийтур дац Шемал маларца эвхьаза ваьлла

хилар жима стаг волуш дуьйна, цо адмна мел дохьуш долчу вонах Шемал к1елхьара ваьлла ца хилар а. Делахь а Шемалас санна къаьркъа малар советан 1едал долчу хенахь, бакъ дериг аьлча вайн заманчохь а, къаьсттина Россин юкъараллин дахарехь кхин доккха къа лоруш а дацара. Молуш болучаьрга хьаьжича Шемал масмалик хилан а тарлуш хьал дара, делахь а уггар а вончарех цхьаъ амал-м ю иза, оцу т1ехь вайн ойланаш Эминан ойланашца цхьана йог1уш а ю. Делахь а, Шемалан мел делахь а, даржах х1ума а ду, шен х1усам а ю, къизаллех сийсаш йолу зама т1е ца кхаьчнехьара Шемалан доьзална а, дерриг а вайн къомана а. Халчу замано даима а адмана ч1ог1алла туьйсу, к1еданиг, ледарниг дакъаза а воккху оцу сохьта. Советан замано кечвеш вацара стаг халонаш лан, харцонашца къийса а, оцу къийсамехь толамаш баха а, лай хилан 1амавора. Берзан амалаш йолчу капитализмах-м вайн нехан х1инца а бац кхин бакккхийн кхеташ, кхечу къаьмнашка, Россин регионашка хьаьжича вайн къам х1инца а ша Советан заманахь дехаш ду тарделла 1аш ду. Ткъа Советан пачхьалкх йоьхна д1аяьлча, советски «теплицан» хьелашкахь 1емина долу вайн къам цхьана маь11ера вукху маь11е кхоссалуш тохаделира. Хуьлуш долчух билгал кхеташ к1езига адамаш дара, шаьш х1ун дан деза хуурш кхин а к1езига бара. Къомана хьалха бевллачара а, къоман мостаг1аша а бен шайна пайда оьцуш стаг а вацара оцу хьелашкахь. Дийцаран аг1онашна т1ехь гойтуш йолчу масех митингаша а, цкъа цхьанна т1ехьадовлуш, т1аккха вукхарна

т1ехьа х1уьттуш лелачу б1аьрзечу адамаша а гойту мел кийча дац адам ишттачу хиламашна дуьхьала латта, къийса а, шайна оьшуш йолчу меттиге д1аг1орта а, цига кхача-м х1етте а. Масанаш адамаш дакъаза дехира оцу чолхечу хьелаша, масанаш х1аллак а бира, царех цхьаъ Шемал а, цуьнца цхьана Саида а, церан х1усам а. Ишттачу хийцамашна кийча вацара Шемал, цуьнца цхьана дерриг а къам а ца хиллера ишттачу хийцамашца къийса, толам баккха, толам баьккхича а, цунах нийса пайда эца а. Кийча ца хилира Эмин а, цуьнца цхьана вайнехан шайолу интеллигенции а. Эмин Шемал санна дакъаза цаваларан бахьана дахаран хийцамашца и ларавалар дацара, амма и а, вайн интеллигенции а юьстаха латтар дара, къийсамана йистехьа латтар! Интеллигенци къоман нийсонехьа болчу къийсамехь хьалхарчу мог1анашкахь хила езар-кха аьлла хета, къоман уггар а хьекъален долу дакъа ма ду и. Шемал-м г1оьртира къовсамна улло, харцоно и сихонца мерцира, т1аккха вага а вина чим бира цунах. Эмин Шемалах кхаьрдаш санна хетало, цунна атта ду аьлла а хета, геннара хьожуш латта, бакъверг а воцург а билгалваккха, эшнарг бехкеван а, воьжначунна т1е п1елг хьажон а. Оцу хенахьлера интеллигенци ян а яра шен къоман хиламийн «…лаамза хилла теш…», я къомана хьалха яьлла нийса некъ гайта а де доцуш, я къовсаман байракх буйна эцан а стогалла доцуш. Генара кхечу пачхьалкхашкара, уллора вайн пачхьалкхан кхечу регионашкара х1ун хуьлу хьовсар дар-кх цара хаьржинарг «…теш хилар…». «Оппозици» сардамийн дош дол-

чу хенахь, кхин къийсам латтон де долуш ца хилира Шемал а. Мухха делахь а, оццу оппозиционераша толам баккхалца и ваьхнехьара цхьа дарж а кхача мегара цуьнга, хьалха советан 1едал долуш санна наха а лоруш стаг а хилла д1авахан а тарлора иза. Саида а дийна йисан тарлора, хенан къизалло «гуора ца йожош». Амма хенан хиламан кхел кхочушхилира оьздачу мискана Саидин а, заманан къизалло хьекъалах талхавал к1еда хиллачу Шемалан а, шех х1ара ду аьлла цхьа а пайданехьа х1ума ца даьллачу Эминин а дахарехь.

# Конец ознакомительного фрагмента.

Текст предоставлен ООО «Литрес».

Прочитайте эту книгу целиком, купив полную легальную версию на Литрес.

Безопасно оплатить книгу можно банковской картой Visa, MasterCard, Maestro, со счета мобильного телефона, с платежного терминала, в салоне МТС или Связной, через PayPal, WebMoney, Яндекс.Деньги, QIWI Кошелек, бонусными картами или другим удобным Вам способом.